*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№73 (26525)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 25 апрель – хуымгæнæны мæйы 25 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАРТИОН АРХАЙД
*Ныхас – хицаудзинады муниципалон æмвæзадыл*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Æнцойбон*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Партийы программæ**

## «Хæрзвадат горæтаг алфамбылай»

**Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИНЫ уынаффæйæ райдыдта хæрзвадат горæтаг алфамбылайы проекттыл хъæлæскæнынад – æрвылаз æй Арæзтады министрадимæ æххæст кæны «Иугонд Уæрæсе». 2025 азы онлайн-хъæлæскæнынады архайдтой 16,5 милуан адæймаджы. Æппæт-уæрæсеон национ преми «Хи нывонд» («Служение») дæттгæйæ, Президент фæбæрæг кодта, конкурсы руаджы æхсызгон ивддзинæдтæ кæй фæзынд, уый.**



– Бынæттон хиуынаффæйадæн йæ нысан у адæмы цард хуыздæр кæнын. Æмæ йын хъæуы æххуыс кæнын. Абон æз æхсызгонæй дæттын бар хæрзвадат горæтаг алфамбылайы проекттыл хъæлæс кæнын райдайынæн. Ивгъуыд аз дзы архайдтой 1,6 мин муниципалон сконды, онлайн-хъæлæс кæнынады та – 16,5 милуан адæймаджы, – загъта Владимир Путин.

Бæстæйы Сæргълæуууæг ма фæбæрæг кодта, хуыздæр проекттæ бахæст кæнынæн федералон бюджетæй æрвылаз дæр 25 миллиард сомы кæй радих кæнынц, уый.

– Ахæм фæтк фадат дæтты нæ горæтты фæлгонцадыл комкоммæ ахадынæн, уымæ гæсгæ сын сæ хъæлæс хъуамæ фехъусæм. Преми «Хи нывонд»-ы лауреаттæ дæр сбæрæг вæййынц цæрджыты хъæлæскæнынады бындурыл. Хъæлæскæнынады архайджыты нымæц фылдæрæй-фылдæр кæны. Ацы аз схæццæ 1,5 милуан адæймагмæ. Уæ фæллойæн адæм стыр аргъ кæнынц. Иу хатт ма уын бузныг зæгъын! – загъта Президент.

Программæ «Хæрзвадат горæтаг алфамбылай»-ы бындуры ис «Иугонд Уæрæсе»-йы партион проект. Йе 'ххæст кæнын у партийы Адæмон программæйы уагæвæрдтæй иу. Программæйыл хъæлæскæнынад парти феххæст кæны æрвылаз дæр Арæзтады министрадимæ.

– Партион проект «Хæрзвадат горæтаг алфамбылай»-ы фæрцы Цæгат Ирыстоны бындуронæй сцалцæг кæнын бантыст, цæрджытæн зынаргъ чи у, бирæ ахæм ахсджиаг объекттæ. Фæзындысты ног æхсæнадон фæзуæттæ: парктæ, сквертæ. Мах уынæм, нæ горæттæ æмæ хъæуты фæлгонц куыд ивы, уый. Алкæмæн дæр æхсызгон у, кæм цæры, уыцы бынат рæсугъддæр æмæ хæрзвадатдæр кæй кæны, уый. Фæстаг азты проекттæй иу уыд Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæллад уадзыны центрон парчы рацарæзт. «Хæрзвадат горæтаг алфамбылай»-ы фæрцы йын сног кодтам йæ хуыз, нывтæккæ уый у горæты цæрджытæн сæ уарзондæр бынæттæй иу. Фыццаджыдæр, цалцæг æмæ арæзт æрцæуынц, цæрджытæ фылдæр цы объекттæм æнхъæлмæ кæсынц, уыдон. Æнæмæнгæй архайут хъæлæскæнынады! – фæбæрæг кодта Паддзахадон Думæйы депутат, проектыл дзуапдæттæг **Таймазты Артур.**

Объектты хæрзвадатдзинады Æппæтуæрæсеон онлайн-хъæлæскæнынад аххæсдзæн 12 июнмæ. Архайынц дзы УФ-йы 88 регионы æмæ Байконур. Цыппæрæм хатт æвзæрстыты уыдзысты, сæ проекттæ 131 мин хъæлæсы кæмæн райстой, уыцы историон регионты цæрджытæ. Хъæлæс кæнзысты, йæ цæрджыты нымæц 20 мин адæймаджы æмæ уымæй фылдæр кæмæн у, ахæм цæрæн бынæттæ. Нæ бæстæйы цæрджыты равзардзысты, 2027 азы цавæр фæзуæттæ æрцæудзысты цалцæг, уый.

Хъæлæскæнынады сæ бон у архайын, 14 азы кæуыл сæххæст, ахæм граждæнтæн. Хъæлæс кæнын уыдзæн мобилон фæрæз «Госуслуги Решаем вместе» æмæ бархионты æххуысæй, экосистемæ «Добро.рф»-æй пайда кæнгæйæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Федералон æмвæзад**

## Уадзæн пункты нывыл куыст

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеобастдзинады руаджы архайдта, Уæрæсейы Транспорты министры хæдивджытæ Валентина ИВАНОВА æмæ Игорь КОСТЮЧЕНКО цы æмбырд сарæзтой, уым.**

Рæгъмæ рахастæуыд, уадзæн пункт «Уæллаг Ларс»-ы электронон рад куыд кусы, уыцы фарста. Ныхас уыд Архонскæйаг сосæйыл «Ространснадзор»-ы кусджытæн æмæ уæзæгтæ ласæг машинæты шофыртæн блок-модультæ, транзитон транспорты фæндаггон змæлдæн ахъазгæнæг уæлæмхасæн техникон фæрæзтæ сæвæрыны нысантыл. Фæндагмæ рахизынмæ æнхъæлмæ кæсæг шофыртæнæрлæууæнбынаты хъуамæ фæзыной æмбæлгæ уавæртæ, фæндаггон лæггæдты чысыл куыстуæттæ, Интернетмæ бахизыны фадæттæ.

Æмбырды кæронбæттæны рахастæуыд уадзæн пункт «Уæллаг Ларс»-ы фадæттæ зынгæ фæхуыздæр кæныны, пункты архайд фæахадгæдæр кæныны æмæ шофыртæн сæ уавæртыл хуыздæрырдæм фæзыныны уынаффæтæ. Дзанайыфырты ныхасмæ гæсгæ, æмбырды ахадындзинад у бæрзонд, стратегион æгъдауæй вазыгджын. Фарон 1 октябрæй уадзæн пункты сæрты арæнтыл ахизыны фарстатæ алæвæрдтой республикæйæ «Росгранстрой»-мæ.



Арæнты сæрты ахизгæйæ, уайтагъд Фæскавказмæ фæндаг кæй райдайы, уымæ гæсгæ афæдзы дæргъы арæнтыл сæмбырд вæййы транспорт, фæлладуадзæн рæстæг та ноджы фылдæр вæййынц. Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй нырмæ уадзæн пункты куыст банывыл кæнынæн спайда кодтой федералон æмæ регионалон фадæттæй.

«Зынгæ фæфылдæр сты уадзæн тæлмытæ, электронон рад фæзынд, уæдæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй сарæзтам æрлæууæн бынæттæ, транспорты змæлдæн ахъазгæнæн мадзæлттæ. Фæлæ уæддæр фарстатæ нырма ис», – загъта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Форум**

## Иумæйаг культурон код

**Дзæуджыхъæуы уыд Креативон индустриты регионты 'хсæн дыккаг форум «Кавказаг акцент». Йæ пленарон сесси «Кавказы креативон индустри: традицитæ æмæ ныры дуджы иудзинад»-ы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Республикæйы уазджытæ уыдысты эксперттæ æмæ специалисттæ Цæгат Кавказы субъекттæ æмæ Уæрæсейы иннæ регионтæй – амалхъомтæ, продюсертæ, архитектортæ, дизайнертæ, æрмдæснытæ æмæ хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ.

Ацы аз форумы темæ у «Этно мах», æвдисы, Кавказы фæлгонцæн хæдхуыз культурон акцент чи дæтты, ахæм национ традицитæ æмæ ног сфæлдыстадон проектты иудзинад.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, федералон æмвæзадыл креативон индустримæ æргом здæхт кæй цæуы куыд хицæн æххæст къабазмæ, æмæ Цæгат Кавказ дæр хъуамæ æмдзу кæна креативон экономикæимæ, йæхи ирд хæдбындур цардыуаг бахъахъхъæнгæйæ.

– Кавказ хицæн фæзуат у йæхи сæрмагонд культурæ æмæ адæмимæ. Кавказы цы адæмыхæттытæ цæры, уыдонæй алкæмæн дæр ис йæхи традицитæ æмæ æгъдæуттæ, фæлæ нын ис иумæйаг культурон код, йæ бындур та сты дæрдтыл хъуыстгонд уазæгуарзондзинад, хистæртæн нымд кæнын, сылгоймагæн аргъ кæнын, бахъуаджы сахат æххуысмæ фæтагъд кæнын. Махæн нæ бон у иумæйаг нысантæм иумæ цæуын. Рæстæгæн йæхи домæнтæ ис, къорд азы размæ дæр ма ничи зыдта, цы сты креативон индустритæ, уый. Абон та сты экономикæйы хицæн, сæрмагонд къабаз æмæ ахъардтой нæ цæрды. Дарддæр сæ парахат кæнæм, нæ национ хæдбындурдзинад бахъахъхъæнгæйæ, уыимæ, рæстæджы домæнтæн дзуапп дæтгæйæ. Уыцы фарстатæ та бахынцын æмбæлы, абон цы форумы фæзуаты стæм, ахæмты. Мах хъуамæ иумæ æмвæндæй иу уынаффæмæ æрцæуæм, цæмæй нырыккон уавæрты, ногдзинæдтыл нæ иуварсгæнгæйæ, нæ уидæгтæ ма ферох кæнæм, сæрыстыр дзы уæм æмæ бахъахъхъæнæм нæ æрдхæрæны традицитæ. Кæрæдзимæ куы байхъусæм, уæд уый не 'ппæтæн дæр пайда уыдзæн, хорз хъуыдытæ æмвæндæй царды уадзын æнцондæр у! – загъта Сергей Меняйло.



Эксперттæй пленарон æмбырды раныхас кодтой Креативон кластерты цæдисы сæрдар **Илья Токарев**, Æнæкоммерцион автономон организаци «Центр 800» (г. Дæллаг Новгород) **Алена Потемкина**, Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультеты декан, Вахтанговы Хæдзары директор **Атайты Мæдинæ**, ресторатор **Зассеты Тамерлан.**

Форумы архайджытæн бацæттæ кодтой тематикон фæзтæ ахæм здæхтты, куыд ахуырад, аивадон æрмдæснытæ, гастрономи æмæ æндæртæ.

«Кавказаг акцент»-ы ма сæрмагондæй æрмæг бацæттæ кодтой архитектурон къабазæн, Цæгат Ирыстоны 2026 аз Архитектурæйы аз кæй расидтысты, уый тыххæй. Йæ культурон хъæздыг программæйы фæлгæты арæзт æрцыд къорд мадзалы, се 'хсæн – Кавказы нывгæнджыты куыстыты равдыст «Горæт кæсы», æрмдæсныты арæзт дзаумæтты армукъа, этнофьюжн-фестиваль «Пысыра». Уымæй уæлдай ма дзы хицæн фæзты саходæн уыдис дзадджын хæринæгтæй.

Форум сарæзта РЦИ-Аланийы Креативон индустриты рæзты фонд РЦИ-Аланийы Хицауад æмæ Стратегион хъæппæристы агентады æххуысæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Медицинæ**

## Ног техникæйæ сифтонг кодтой

**Фарон Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæст кодта национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард»-мæ хауæг Æнæниздзинад хъахъхъæнынады фыццаградон къæпхæн нывылкæнынады программæ.**

Бындурон цалцæггæнæн куыстыты фæстæ Дзæуджыхъæуы ногæй кусын райдыдтой сывæллæтты 1-æм, 2-æм æмæ 3-æм поликлиникæтæ, стæй 4-æм поликлиникæйы хайад. Æппæт медицинон объектты коммуникацитæ æмæ сæртæ ногтæй баивтой, цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты, алфамбылай территоритæ та бафснайдтой. Дзæбæхгæнæндæтты фæзындысты ног медицинон кусæнгæрзтæ, æмæ ныр дохтыртæ рынчынтимæ фембæлынц нырыккон, удæнцой кусæнуæтты.

Амынд программæмæ гæсгæ республикæйы поликлиникæтæн балхæдтой ног медицинон техникæйы 47 иуæджы (уыимæ, Рахизфарсы районы центрон рынчындонæн – ног магнитон-резонансон томограф æмæ флюорограф, Мæздæджы районы поликлиникæйæн та – рентген-аппарат).

Цæгат Ирыстон амынд национ проект дарддæр æххæст кæны. Фелсырон-акушерон кусæндæттæ æмæ амбулаторитæ фæзындзысты Уæллаг Ларсы, Эзмийы, Хохы Фыййагдоны, Дачнæйы хъæуты, Павлодольскæйы, Терчы æмæ Троицкæйы станицæты, стæй поселок Спутничы. Уымæй уæлдай, Хæзныдоны амбулатори, Заводы поселочы 1-æм поликлиникæйы хайад æмæ Дзæуджыхъæуы 4-æм поликлиникæйы сылгоймæгты консультацийы бæстыхай бындуронæй сцалцæг кæндзысты.

**ДЖИХАТЫ Стэллæ, РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырд



**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай фыццæгæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 29 апрелы 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 29 апрелы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

### Дзырды фарн

***Адæймаг йæхицæн цы нæ фыдбылыз ары, ахæм нæй.***

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **25 апрелы** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **4 – 11 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,51 | Хурыскаст — 05,03 | Хурныгуылд — 18,55

Валютæйы аргъ | Доллар — 74,09 | Евро — 85,41

12 +

Партион архайд

# Ныхас – хицаудзинады муниципалон æмвæзадыл

**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы сæрдар Дмитрий МЕДВЕДЕВ раныхас кодта «Чысыл Райгуырæн бæстæ – Уæрæсейы хъару»-йы темæйыл арæзт æмбырды.**




Муниципалитеттæ ахадгæ æмгуыстад цæмæй æххæст кæной, «Иугонд Уæрæсе» уымæн ахъаз кæны. Мастер-лекци «Адæмон программæ: парти «Иугонд Уæрæсе»-йы ахадындзинад бæстæйы социалон-экономикон райрæзты»-йы ныхас кæнгæйæ, партийы сæрдар куыд загъта, афтæмæй, ивгъуыд аз партийы нымад уыд Муниципалон депутаты азыл (ацы акцийы хæстæй иу у партийы мидæг бастдзинæдтæ фæфидар кæнын).

– Муниципалитетты цæрæг адæмы фарстытæ æмæ фæндæттæ регионалон æмæ федералон æмвæзадмæ цæмæй рæвдздæр хæццæ кæной, муниципалон депутаттæн та не 'ппæт партион инфраструктурæйы авналæнтæй пайда кæныны фадат цæмæй уа, ууыл бацархайын хъæуы. Муниципалон æмвæзадыл минæвардзинады бæрцæй нæ парти иннæ политикон партиты 'хсæн ахсы фыццаг бынат. Æппæт бынæттон депутаттæй æстай цыппар проценты (ома, сæдæ æртын мин адæймаджы) сты нæ партийы уæнгтæ. Бынæттон хиуынаффæйады куыст баст у «Иугонд Уæрæсе»-йы æнтыстдзинæдтимæ, – загъта Дмитрий Медведев.

«Иугонд Уæрæсе»-йы партион проектты фылдæр хай баст у уынаффæйады муниципалон æмвæзадимæ. Ацы проекттæ архайынц нырыккон инфраструктурæ (ныхас цæуы æхсæнадон тыгъдадтыл, музейтæ, библиотекæтæ, спортзалтæ, амбулаторитæ, скъолатæ æмæ рæвдауæндæттыл) муниципалитетты аразыны хъуыддаджы. Муниципалитетты разамонджытæй бирæтæ «Иугонд Уæрæсе»-йы бынæттон хайæдты сæргълæуджытæ кæй сты, уый уæлдай фылдæр бæрнондзинадыл дзурæг у.

– Дзыллæтæм хæстæгдæр чи у, адæм хицаудзинады уыцы бынæттон къæпхæн нымайынц иттæг ахсджиагыл. Адæм сæ фарстатæ æмæ фæндæттимæ муниципалон службæгæнджытæм кæй цæуынц, уый нымайгæйæ, паддзахады разамонæг ацы фарстатæм уæлдай фылдæр æргом здахы, – загъта партийы сæрдар.

«Иугонд Уæрæсе»-йы Адæмон программæйы фæрцы уыд муниципалон инфраструктурæ сног кæныны, стæй чысыл горæттæ æмæ хъæуты царды æмвæзад фæуæлдæр кæныны фадат. Фæстаг фондз азы дæргъы нæ бæстæйы 50 мин æхсæнадон территори æмæ бирæуæладзыгон хæдзæртты кæртытæ аивгонд æрцыдысты.

Уæрæсейы Президенты бардзырдмæ гæсгæ, парти ахуыргæнæндæтты бынæтты нымæц фæфылдæр кæныны фæдыл фарста къæпхæнгай лыг кæны: 2019 азæй нырмæ скъолаты сарæзтой милуан, рæвдауæндæтты та – 250 мин уæлæмхасæн бынатæй фылдæр. 6,5 мин скъолайы (адонæн се 'мбис – хъæуты) цалцæггонд æрцыдысты.

«Иугонд Уæрæсе» социалон газификацийы программæ дарддæр æххæст кæндзæн. Программæйы фæрцы газ 1,2 милуан хæдзармæ бауагътой.

Уымæй уæлдай, «Иугонд Уæрæсе» йæхимæ исы равзаринаг Паддзахадон Думæйы бынæтты фылдæр хай райсыны хæс æмæ муниципалитетты сæргълæуджытæн фæдзæхсы партийы ног Адæмон программæйыл бакусын.

– Бынæттон адæмы цардимæ хорз зонгæ стут, муниципалитетты фарстатæ лыг кæныны хъуыддагмæ хи æвæрæн хæссут. Нæ парти уæ хъуыдытæ нымайы иттæг ахсджиагыл. «Иугонд Уæрæсе» муниципалитеттæй æрбафтæг фæндæттæ ног Адæмон программæмæ бахæсдзæн, – загъта Дмитрий Медведев.

**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы цæгатирыстойнаг регионалон хайады пресс-службæ**

Хæстонтæн æххуыс

# «Бархионты» зонынц Луганскы, Донецкы, Запорожьейы…

**Раздæр ма куыд фыстам, афтæмæй æрæджы нæ редакцийы уазæг уыд АЛЫККАТЫ Беллæ. Чи у, зæгъгæ, куы бафæрсат, уæд – хуымæтæг ирон сылгоймаг, Дзæуджыхъæуы цæрæг. Сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд фыццаг бонты бабæрæг кодта госпиталы йæ зонгæ дохтыр ДЗАТТИАТЫ Земæйы. Ам бынтон æрыгон лæппуты уæззау цæфтимæ куы федта, уæд йæ зæрдæ йæхи къултыл ныххоста. Къорд боны йæхицæн бынат нæ ардта, стæй йæхицæн скарста – хъуамæ йе 'ппæт хъарутæ дæр сараза фронтæн æххуысмæ. Афтæ райгуырд къорд «Æз – бархион!» («Я – доброволец!»)**



Къорды фыццаг уæнгтæ уыдысты Беллæйы æмбæлттæ, йæ хæстæджытæ, стæй сыл чысылгай бафтыдысты уыдоны зонгæтæ, сæ хæстæджытæ, æмæ абон сæ нымæц схæццæ фæндзаймæ. Ныр фæндзæймаг аз «бархионтæ» æмбырд кæнынц æмæ нæ лæппутæн æрвитынц гуманитарон æххуыс.

Алыккаты Беллæйы хъæздыг адæймаг схонæн нæй – Къостайы проспекты дукани «Нар»-ы йæм хаццоны ис иу хатæн, уым уæй кæны хуыссæнгæрзтæ. Ам ис йæ къорды штаб дæр – гуманитарон æххуыс куы æрæмбырд кæнынц, уæд æй къоппыты æвæрынц, æрвитынмæ йæ срæвдз кæнынц. Беллæ тынг бузныг у дуканийы хицау **Атарты Хъазыбегæй**, рагъамад къоппытæ йын куы фены йæ хатæны, уæд хъуыр-хъуыр нæ, фæлæ ма, йæ къух куыд фæамоны, афтæ баххуыс кæны. Сылгоймæгтæ кæрæдзийы цæстæнгасæй дæр æмбарынц, дзурын сын ницы хъæуы. Аразынц акъоппы мыдадзын цырæгътæ, лæппутæн æрвитынц мидæггаг дзаумæттæ, хуыссæнгæрзтæ, къахыдарæс, цъында худтæ, цъындатæ, тамакотæ, нуазыны дон, кæй зæгъын æй хъæуы, хæлцы продукттæ – чъиритæ, цæхджынтæ, адджинæгтæ æмæ афтæ дарддæр, ноджы ма хæстонтæ сæхæдæг цы бацагурынц, уыдæттæ. Зæгъæм, æрæджы балхæдтой рацитæ, бронежилеттæ, хъусæн аппаратурæ, æндæр техникон фæрæзтæ, ноджы ма арвыстой фондз къоппы хостæ.

Абон Беллæ æмæ йæ къорды уæнгты зонынц, ирыстойнаг лæппутæ Херсоны, Луганскы, Донецкы, Запорожьейы цы æфсæддон хæйтты службæ кæнынц, уым, цыбыр рæстæгмæ дзы тохы быдырæй чи ссæуы, уыдон, æнæмæнг, фембæлынц «бархионтимæ» æмæ сын зæрдиагæй фæзæгъынц бузныджы ныхæстæ.

Беллæйæн æххуыс кæнынц бирæ адæм, йæхи кæмæ бахаты, уыдонæй йын «нæ» ничи фæзæгъы. Се 'ппæт ранымайынæн, æвæццæгæн, газеты фарс дæр фаг нæу, фæлæ дзы иу къорды тыххæй зæгъдзыстæм. Хæст хæст у, знаг никæуыл ауæрды, госпиталь куы ныппырх кодта, æмæ Беллæ хабар куы фехъуыста, уæд Джызæлы скъола-интернаты директор **Пухаты Ларисæимæ** фæцыд, æмæ йæ уый сдзурын дæр не суагъта. Афтæмæй барæвдз кодтой гуманитарон æххуысы машинæтæ – хуыссæнтæ, кушеткæтæ, гобæттæ, хъæццултæ, хуыссæны цъæрттæ… Алы машинæйы дæр ма арвыстой фæйнæ 100 чъирийы æмæ æндæр хæлц. Джызæлы Културæйы хæдзары директор **Пхалæгаты Фатимæ** æмæ Тарскæйы културæйы кусджытæ **Джусойты Зоя** æмæ **Къобылты Верæ** дæр алы хъуыддаджы сты сæ фарсмæ. Фæлæ ма байхъусæм Беллæйæн йæхимæ:

– Не 'ххуысгæнджытæ æнæкæрон бирæ сты, алчидæр дзы йæ бавæрæн хæссы иумæйаг хъуыддагмæ, æмæ сын уый тыххæй мæ сæрæй ныллæг кувын. Дыууæ азы размæ Тарскæйы хъæуы администрацийы бухгалтер **Æлборты Зарæ** нæ къорды хабар куы фехъуыста, уæдæй нырмæ сæрæнæй немæ архайы. Хъæуы сылгоймæгтæй йæхæдæг къорд æрæмбырд кодта, цæхджынтæ кæнынц, фæйнæ сæдæгай – алыхуызон джынтæ, цыхт, салæ, ирон хæринæгтæ æрвитынц.

**Джиоты Надяйæн** та йæ фырт хъæбатырæй фæмард тохы быдыры, йе 'мбæлтты фервæзын кодта, афтæмæй. Зæрдæрыст мад йæ къухтæ не 'руагъта, фæлæ нын иудадзыг æххуыс кæны, уый дæр йæхи хардзæй сæдæ чъирийы, хæлц сцæттæ кæны. Нæ къорды уæнгты се 'ппæт ранымайынæн фадат нæй, фæлæ дзы цалдæры нæмттæ зæгъдзынæн, иннæтæ мын бахатыр кæнæнт: **Æрситы Ларисæ, Исахъты Зæлинæ, Верæ Забегаева, Хъесаты Жаннæ, Куыдзиаты Мзия, Кцойты Наталья, Габеты Анжелæ, Дауыраты Иринæ, Хортиты Жаннæ, Ларисæ Бахметова, Цогойты Дианæ, Хъодзаты Маринæ, Дзытиаты Людмилæ, Фатимæ Абдулаева, Иринæ Новикова**… Иу хатт дæр ма хатыр курын, кæй ном нæ загътон, уыдонæй, алчидæр дзы мæ зæрдæмæ хæстæг у.

Фæнды ма мæ зæгъын иу ахсджиаг хъуыддаджы тыххæй. Цæмæй нæ гуманитарон æххуыс фæхъомысджындæр уа, уый тыххæй аразæм концерттæ, билеты аргъ афтæ бæрзонд нæу, цы фæрæзтæ æрæмбырд кæнæм, уыдонæй нæ хæстонтæн, цæмæй тыхсынц, уыцы ифтонггæрзтæ балхæндзыстæм. Концерттæ уал раттам Беслæн æмæ Тарскæйы, ацы мæйы кæрон та Джызæл æмæ Ногиры културæйы артдзæстыты иумæйаг хъарутæй концерт уыдзæн Ногиры. Архайдзысты дзы **Куындыхаты Мурат, Чихтисты Ян, Уанеты Назар, Дзитойты Ингæ, Хъайтмазты Мæдинæ, Хъуылаты Валери**, астаздзыд курдиатджын чызг **Хадыхъаты Ликæ**, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг **Бибылты Артур**… Тынг æнхъæлмæ кæсдзыстæм хъæуы цæрджытæм, – радзырдта нын Беллæ.



Къорд «Æз – бархион!»-æн æнгом бастдзинæдтæ ис Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты ассоциацийы республикон хайадимæ, иумæ аразынц мадзæлттæ Ирыстоны хæстонтæн алывæрсыг æххуыс бакæнынæн.

Беллæ куыд зæгъы, афтæмæй къордмæ ис æнæкæрон бирæ хæрзиуджытæ, арфæйы фыстæджытæ, æмæ, кæд сæ куыст бæрæг дары æмæ йын аргъ кæнынц, уæддæр сæ сæйраг нысан у уæлахизы бон фæхæстæгдæр кæнын.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

# Æнæмæлгæ полкъ





ПЕРИСАТЫ Сабазгери



ПЕРИСАТЫ Саулæг



ПЕРИСАТЫ Садуллæ



ЦЪÆРИТТЫ Алыксандр



БУРАТЫ Спиридон



ХУЫТЪИАТЫ Саухал



САБАЙТЫ Хуасдзау



ЦЫДАТЫ Владимир



БОКОТЫ Æхсарбег



БОКОТЫ Хазбечыр



ТЕГКАТЫ Алыксандр



ХАМЫХЪОТЫ Дзастемыр




Уыдис – нæ уыдис?

# Музыкантты цардæй цымыдисаг цаутæ



***Иухатт Федор Шаляпин спектаклы фæстæ Стыр театрæй рацыд æмæ æххуырсгæ бæхтæрæджы баурæдта. Гыцыл куы бауадысты, уæд бæхтæрæг фæрсы:***

***– Хорз лæг, цы архайæг дæ?***

***– Заргæ кæнын.***

***– Уый тыххæй дæ нæ фæрсын. Цæмæй кусыс? Заргæ не 'ппæт дæр кæнæм. Æз дæр, æнкъард мын куы вæййы, уæд фæзарын. Æз дæ фæрсын, цы мигæнæг дæ?***

***



*Иухатт Виктор Цой концертмæ йæ къордæй раздæр æрбацыд æмæ сæм, концерт кæм хъуамæ лæвæрдтаиккой, уыцы Культурæйы галуаны раз æнхъæлмæ каст. Гыццыл фалдæр лæууыд милиционер. Бирæ фæлæууыдысты, кæрæдзимæ ракæс-бакæсгæнгæйæ.*

*Уый фæстæ милиционер загъта:*

*– Цæй цы, чукчæ, Цоймæ кæсынмæ æрбацыдтæ?*

***



***Зындгонд италиаг зарæггæнæг Катерина Габриелли Екатерина II-æй куырдта Бетъырбухы дыууæ мæйы фæуыны æмæ зарыны тыххæй фондз мин дукаты.***

***– Æз мæ фельдмаршалтæн гыццылдæр фидын, – мæстыйæ загъта императрица.***

***– Тынг хорз, дæ бæрзонддзинад, – дзуапп ын ратта Габриелли, – уæдæ дын дæ фельдмаршалтæ зарæнт.***

***Императрица йын бафыста амынд æхцайы бæрц.***

***



*Иуахæмы, театры бадгæйæ, Джоаккино Россини, йæ фарсмæ чи бадт, уый хъусы бадзырдта:*

*– Ацы зарæггæнæг тынг æвзæр у. Фыццаг хатт хъусын ахæм æвзæр зард.*

*– Чи зоны, хуыздæр уыдзæн, уæхимæ куы ацæуай, уæд? – загъта йын сыхаг.*

*– Ницы хуызы! Куыд базыдтон, афтæмæй хъайтары æртыккаг акты хъуамæ сылгоймаг амара. Уымæ мæ банхъæлмæ кæсын фæнды.*

***

***Иухатт Джоаккино Россинийы бафарстой, ис ын хæлæрттæ æви нæ, æмæ, кæд ис, уæд чи сты.***

***– О, ис, æнæмæнг, ис! – дзуапп ратта Россини æмæ загъта миллионертæ Ротшильд æмæ Морганы нæмттæ. Чи йæ фарста, уыдон бафиппайдтой, æвæццæгæн, дам, ахæм хъæздыг æмбæлттæ скодтай, цæмæй дын бахъуаджы заман æхца æфстау дæттой.***

***– Уый тыххæй æппындæр нæ, – хъæлдзæгæй дзуапп ратта Россини, – æз сæ мæ хæлæрттæ хонын, уымæн æмæ мæ никæд ракурынц æфстау.***

***



*Людвиг ван Бетховены тарæрфыг, зындзырд æмæ зындарæн хуыдтой. Йæ хиуæттимæ дæр ын уыдис ахæм уаг. Йæ кæстæр æфсымæр Иоганн æхца æрæмбырд кодта, балхæдта стыр галуан зæххимæ æмæ сæрбæрзондæй йæхицæй æппæлыд. Иухатт йæ хистæр æфсымæрмæ йæ визитон карточкæ æрбарвыста сæрыстыр фыстимæ: «Иоганн ван Бетховен. Зæххыты хицау» («Землевладелец»). Композитор ын йæ карточкæ арвыста, йæ фæстæ йыл ахæм къухæвæрд сæвæргæйæ: «Людвиг ван Бетховен. Зонды хицау» («Мозговладелец»).*

***

***Иухатт, къниаз Лахновскиимæ быцæу ныхасы фæстæ йæм Бетховен ныффыста: «Къниаз! Ды цы дæ, уый у æрмæстдæр дæ æнæнхъæлгæ райгуырды руаджы. Æз чи дæн, уый та æрмæстдæр мæхи руаджы у. Къниæзтæ ис æмæ уыдзæн минтæ. Бетховен та – æрмæстдæр иу».***

Ахудынæн

# Йе 'мпъузæн йæхицæй нæ уыд...

**Рæбыны хъæутæй иуæй Ахъберды æфсады рæнхъытæм кадджын уавæры арвыстой, уæд ма æфсад советон уыд, æмæ-иу лæппутæн ныстуантæ кодтой, ирон лæджы цæсгом ма фæчъизи кæнут, зæгъгæ.**

Æмæ, раст зæгъгæйæ, Ахъберд уыцы ныстуан сæххæст кодта, дыууæ азы фæстæ Сыбыры æфсæддон хæйттæй иуæй куы ссыд, уæд йæ риуыл йæ хорз службæйы æвдисæндартæ цæхæртæ калдтой. Лæппу айдагъ хæрзиуджытæ æмæ кады фыстæджытæ не сласта, фæлæ ма – уырыссаг чызг дæр. Арвæй дурæрхауæгау бинонтæн фехъусын кодта, ме 'мкъай, дам, у...

Зæрæда, мæгуырæг, йæ къусы бын ныккуыдта, гормон, дæу аккаг иу ирон чызг, дам, нал уыд, кæрцæн, дам, йе 'мпъузæн йæхицæй хъуамæ уа, фæлæ лæппу цæхгæр ныллæууыд, мæн амæй æндæр ничи хъæуы, зæгъгæ.

Сразы йæ хъысмæтыл мад, цы гæнæн ма йын уыд. Фæлæ æфсин æмæ чындзгонды ныхас фыццаг бонтæй фæстæмæ кæрæдзийыл не сбадт, ирон хæдзары цы бирæ змæлд ис, уыдæттæ уырыссаг чызг йæ зæрдæмæ хæстæг нæ айста, æгъдау, хистæр-кæстæр не 'мбæрста. Лæппу дæр йемæ куы ацæрдтытæ кодта æмæ йæ кæсинагмæ куы 'ркаст, уæд ын загъта, дæ фыды хæдзар, дам, бацагур.

Чындз йæхæдæг дæр, æвæццæгæн, бацин кодта, ирон æгъдау ыл цы æнæкæрон бирæ хæстæ сæвæрдта, уыдонæй кæй фервæзт, уый тыххæй, æмæ фæцæуæг и. Дуары æдде куы фæци йæ чумæданимæ æмæ гыццыл дæлдæр куы ныххæццæ, уæд æфсин йæ фæстæ дыууæ къала тасы кæрæдзийыл ныххоста æмæ йæм хъæр кæны:

– С музыком провожаю, с музыком!

# «Фæлмæндзых»...

Айфыццаг дыууæ изæры астæу Ахъберд æмæ Сæуджен фыдбылызау æнæнхъæлæджы фембæлдысты. Кæрæдзийыл ацинтæ кодтой, стæй уынаффæ рахастой, нæ фембæлд, дам, «æрыхсын» хъæуы, цом æмæ, дам, искæм абадæм. Бынат сæ бирæ агурын нæ бахъуыдис – куы акæсай, уæд нæ сахар иууыл кафе æмæ ресторан фестад. Дæ арм амонæд, æндæра дын дæ разы цы нæ диссæгтæ æркалдзысты, суанг ма пылы цыхт æмæ цъиуы 'хсыр дæр!

Лæгтæн бадт бацайдагъ, гаджидæуттæ дугъон бæхтау дыууæрдæм ратæх-батæх систой, афтæмæй сыл фæсæхсæвæр сси. Дзæбæх барæгъæд сты, стæй хæдзармæ цæуын афон дæр уыдис, æмæ Сæуджен йе 'мбалмæ дзуры:



– Цы мæгуыр дæн, ныртæккæ та не 'фсины хъуыр-хъуырмæ чи хъусдзæн! Цъæх æлгъыстæй та бæстæ байдзаг кæндзæн, загъд-замана самайдзæн, кæм ныххырхтай, уырдæм ацу, зæгъдзæн...

– Уый æмæ дын махон. Цыфæнды ноздджынæй куы бацæуон, уæддæр мæм «мæ карк», зæгъгæ, сдзуры фырбуцæй. Кæд дæ нæ уырны, уæд хæснаг акæнæм, – загъта сæрыстырхуызæй Ахъберд.

Сæудженмæ Ахъберды ныхæстæ диссаг куыд нæ фæкастаиккой, æмæ сфæнд кодта уыцы фæлмæндзых сылгоймаджы йæхи цæстытæй фенын. Афтæмæй дыууæ нозтджын лæджы бахæццæ сты Ахъберды фатеры размæ. Лæг дæргъвæтин хæст ныккодта дуары дзæнгæрæгыл, стæй бахъæр кодта:

– Мæ карк, дуар ма бакæн!

– «Мæ карк?!» Æз дын ныртæккæ «карк» фенын кæндзынæн, куыдзы мыггаг! Карз адзал баназ, дæ тъæнгтæ дын чи ахъулон кæна, æмæ иннæ хатт дæ хæдзармæ куыд нал æрбахæццæ уай! – уыцы ныхæстимæ Ахъберды «фæлмæндзых» æфсин дуар фегом кодта.

# Йæ цыд фæдзæгъæл

Ирон адæммæ баззад æмбисонд, марды гуыбын, дам, – æнæфсис. Гъома, алчидæр дзæбæх уæд, фæлæ зиан куы 'рцæуы хæдзарыл, уæд æй афæдзæй-афæдзмæ бирæ фæрæзтæ бахъæуы схардз кæнын хистытæ кæнынмæ, иннæтæй цауддæр ма уой нæ фынгтæ, зæгъгæ, ахæм хъуыдыйыл хæст уæвгæйæ.

Залдуз фæрухсаг, кæд цардæй ничима бафсæст, уæддæр ыл зокъотæ рацыд, сæдæмæ 'ввахс фæцард. Йæ бирæ цот æмæ цоты цот ын бæркадджын хистытæ арæзтой, æнауæрдонæй æлхæдтой фæрзиу. Æрхæццæ зазхæссæнты рæстæг дæр. Нымадмæ гæсгæ ацы аз зазхæссæн 12 апрелмæ рацыд. Мæрдджынтæй йæ иутæ уыцы бон фæхицæн кодтой, чи нæ срæвдз, уыдон та йæ иннæ сабатмæ аргъæвтой. Фæстæгтимæ уыдысты Залдузы бинонтæ дæр, æвæццæгæн, ма цъиуы 'хсыр агуырдтой фынгтæм æмæ не ссардтой...

Уыдæттæн чысыл Ацæ ницы зыдта. Скъолайæ куыддæр ссыд, афтæ зазхæссæнтыл зилынмæ фæци. Иуафон балæууыд Залдузты хæдзары дуармæ дæр, бацыд хъуыддагхуызæй йæ сау целлофан дзæкъулимæ кæртмæ. Ам ыл хæрхæмбæлд фæци хæдзары 'фсин Хорческæ æмæ йæм æнæмбаргæ каст бакодта, гъома, цæмæ 'рбацыдтæ, зæгъгæ. Лæппу дæр йæ цыды сæр загъта – рахæссут, дам, мын истытæ. Ус йæ мидбылты бахудт æмæ йын афтæ, мах, дам, æй ацы къуыри нæ кæнæм, иннæ сабаты нæм æрбацæудзынæ. Ацæ, дзæгъæл цыд фæци, уый куы бамбæрста, уæд ын хъыг куыд нæ уыдаид, æмæ Хорческæйыл сбустæ кодта:

– Æххæст ма йæ иннæ мæйы 12-мæ ахастаиккат!

# Фæтæрсын æй кодта...

Азæй-азмæ нæ хохаг хъæутæ æдзæрæгдæр кæнынц, цæрынæн зынвадат кæй сты, уый аххосæй хъæууæттæ фестадысты. Бæргæ рæсугъд сты, дзæнæтон бынæттæ, фæлæ дзы нæдæр æрдзон газ ис, нæдæр, цардæн фæрæзтæ кæм самал кæнай, ахæм кусæн бынæттæ, æмæ адæм быдырмæ фæлыгъдысты, кæмæн куыд йæ къух амыдта, афтæ. Æрмæст ма дзы иугай зæрæдтæ сæ фыдæлты уæзæгыл ныххæцыдысты.

Раст ахæм хъæуы цард Сæуджен дæр йæ къæбæргæнæг Зæрæдаимæ. Мæй-иу сæм иу хатт постхæссæг Ахъберд фæзынд, æмæ уый дæр фæллайын райдыдта, уымæн æмæ дыууæ зæронды хæдзармæ хæрдмæ уæлæуæз цæуын хъуыди, æмæ Ахъберд дæр, мыййаг, бонæй-бонмæ æрыгондæр нæ кодта, йæ зæнгты хъару ихсыди.

Пенси уарыны рæстæг та æрхæццæ, постхæссæг тыххæй-амæлттæй схæццæ Сæуджены къæсмæ, бахоста дуар, æмæ, йæ улæфт куы 'рсабыр, уæд дзуры зæрондмæ:

– Дæ хорзæхæй, Сæуджен, дуне æдзæрæг хæдзæрттæ куы ис хъæуы, бындæр ма æрлидзут, æндæра мæ бон нал у алы хатт ардæм цæуын.

– Ма мæ мæсты кæн, кæннод газеттæ рафысдзынæн, – мидбылхудгæ йын дзуапп ратта зæронд лæг.

Ирон хабæрттæ

# Къадзты кард

**Ацы карды хабар рагæй хъусын, канд Къадзты мыггаджы 'хсæн нæ, фæлæ ма йæ зонынц Зруджы, Нары æмæ Захъайы дæр. Дзурынц æй алы хуызты, æвæццæгæн, карды хабар цыди хъус-хъусы, кæм-иу æй фехъуыстой фæндаггонæй, кæй Ныхасы, кæм та-иу æй, æвæццæгæн, дзырдтой Къадзонтæ, чындзы-иу дзы æндæр кæмттæм чи ацыд, уыдон. Дзурынц æй ныртæккæ дæр, цæмæй йæ кой мыггагæй ма ферох уа, уый тыххæй. Кой цæуы, фæлæ кард кæд фесæфти, кæмæ уыди æмæ ныртæккæ кæмæ ис, уый ничи зоны.**



Иу рæстæджы мыггаджы æхсæн ахæлиу ис ахæм хабар, цыма, дам, æй абырджытæ рахастой хохæй быдырмæ, æмæ ис уыдонæй кæмæдæр. Цыдæриддæр фæуæд, фæлæ хабар сæрæй ракæнæм.

Раджы, тынг раджы, æвæццæгæн, Къадзты хистæр Саулæг ма æгас куы уыди, уыцы рæстæджы Тибмæ кæцæйдæр бафтыд æххуырст хъомгæс. Бон-иу атардта хъомы æмæ сæ хызта, æхсæв та-иу, кæй рад уыд, уыдонмæ ныххуыссыд. Цыбыр ныхасæй, хъомгæс куыд хъомгæс.

Иу райсом та хъомвос атардта уæлæ Халацъайы коммæ æмæ сæ уым хызта цъæх сойджын кæрдæгыл, йæхæдæг та æрбадт иу рындзыл æмæ йæ хъуыдыты ацыд.

Бирæ æви чысыл абадтаид, уымæн чи цы зоны, фæлæ иу рæстæджы йæ хъустыл æрцыди хъуджы уасын, мæнæ цыма йæ родмæ сидт, афтæ. Лæмбынæгдæр йæ цæст ахаста æмæ ставд дурты фæстæ ауыдта Къадзты хъуджы, уый йæ гуыр сарæзта Уелтæм. Хъуг-иу уымæй размæ дæр лидзæг уыд, ногзад уыди æмæ йæ зæрдæ йæ родмæ æхсайдта. Хъомгæс фæгæпп ласта, æмæ, фыр тагъдæй йæ лæдзæг дæр йæ къухы нæ бафтгæйæ, комы йæ размæ фæци æмæ йæ фæстæмæ раздæхта. Хъуг иу дзæвгар рауади, стæй йыл цыма фæсмон фæкодта, афтæ цæхгæр фæзылди хъæуы 'рдæм æмæ та дæлæ фæлидзы. Хъомгæс та йæ асырдта, фæлæ хъуг лидзы æмæ лидзы, уæд хъомгæс, фыццаг йæ къухы цы дур бафтыд, уый фелвæста, æмæ йыл æй бахста. Уый фæстæ ма хъуг иу цалдæр къахдзæфы акодта, стæй æрхауд. Хъомгæс æм базгъордта, æмæ дæ фыдгул афтæ. Цыргъ дур сæмбæлд хъуджы тæнтыл æмæ иннæрдæм агæпп ласта. Æндæр гæнæн нал уыди, æмæ йæ кард фелвæста æмæ йын йæ хурх æрбалыг кодта. Цы гæнæн уыди, хъом ныууагъта, хъæумæ ныццыди æмæ Къадзтæн радзырдта, хабар куыд уыди, афтæ.

Хабар уайтагъд Тибыл айхъуыст, бирæты нæ бауырныдта хъомгæсы раныхас, æмæ сæхинымæр худтысты, бирæтæ та, мæнæ арæхдæр куыд вæййы, афтæ сæхиуыл дзуæрттæ бафтыдтой æмæ-иу загътой: «Хуыцау йæ зонæг».

Къадзтæ хъомгæсмæ байхъуыстой, стæй ацыдысты, хъуджы бастыгътой æмæ йæ сæ хæдзармæ æрхастой.

Хæдзармæ æрхастой тугæйдзаг дур дæр æмæ йæ раттой мыггаджы хистæрмæ. Уый йæ ныссыгъдæг кодта, лæмбынæг æм фæкасти, стæй зæххæй систа йемыйас дур, æмæ, иу къухы уый, иннæ дур та иннæ къухы, афтæмæй сæ барста. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуджы тæнты цы дур ахызти, уый иннæмæй уыди бирæ уæззаудæр, стæй цыдæр æнахуыр æрттывд кодта. Мыггаджы хистæр бафснайдта æрхæссæггаг дур, стæй иу заман йæхи срæвдз кодта æмæ йæ дуримæ рацыд балцы.

Дзырдтой, цыма мыггаджы хистæр дур ахаста дард Дагъыстанмæ. Уыцы ран уыди стыр хорз куырдтæ. Уыдон æй федтой æмæ загътой:

– Дур хуымæтæджы дур нæу, кæнæ, уæларвæй чи æрхауди, ахæм болат æндоны мыггаг у, кæнæ та, æрдз кæй сфæлдыста, ахæм.

Цыбыр ныхасæй, дурæй сарæзтой хæдзары даргæ стыр кард, куыд дзурынц, афтæмæй йæ дæргъ уыдис иу 50 сантиметры, йæ уæрх та – 9-10 сантиметры. Дагъыстаны куырдтæ йын сарæзтой рæсугъд кæрддзæм дæр. Афтæ Къадзтæм фæзынди мыггаджы кард, хонгæ дæр æй афтæ кодтой «Къадзты кард». Раздæр куыд дзырдтон, афтæмæй ацы кардыл бирæ таурæгътæ баззад. «Къадзты кардау тæмæнтæ калы», «Къадзты кардау ын иу хатт йеддæмæ фенæн дæр нæй» æмæ бирæ æндæр ныхæстæ фехъусæн уыд. Уыцы таурæгътæ та йыл уымæн баззад, æмæ, дам-иу æй кæрддзæмæй куы сластой, уæд-иу фæстæмæ нал куымдта, цалынмæ дзыиу туг суагътаиккой, уæдмæ. Куы-иу æй сластой, уæд-иу мыггаджы хистæр йæ тæмæнтæ калдæй базыдта, цавæр уыдзæн рæстæг, кæнæ мыггагыл зын цæудзæн æви цин, уый. Афæдз-иу æй иу хатт уымæн уыдтой, æмæ йæ æндæр не 'вдыстой, стæй, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй-иу дзы туг суадзын хъуыди, æмæ уыйбæрц фос кæм уыди.

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
**«Ирон хабæрттæ», Дзæуджыхъæу 1998**

Хъæлдзæг ныхæстæ

# Заманхъулы цардæй



**– Аслæнбег, зианмæ цæугæ дæ никуыма федтон. Дæхæдæг куы амæлай, уæд дæ чи баныгæндзæн? – фæрсы Макъар йæ сыхаджы.**

**– Ау, куыд чи? Мæ къобор гал хæрынмæ мæм уæддæр æрцæуæдзысты.**

**Цасдæр рæстæджы фæстæ хъæргæнæг Макъармæ бадзырдта, Аслæнбег фæзиан, зæгъгæ. Уæд ын Макъар афтæ:**

**– Æмæ мæнмæ цæмæн дзурыс? Йæ къобор гал æй баныгæндзæн!**

***

Макъар Беслæнмæ йе 'хсæв схаста, йæ фырты фатермæ. Йæ чындз Хадизæт ын йæ цуры хъæрмхуыппы тæбæгъ авæрдта.

Райсомæй куы рабадт, уæд та йын чындз дысоны хъæрмхуыппæй тæбæгъы дзаг стъолыл авæрдта.

Макъар сæхимæ куы рараст, уæд ма къæсæрыл чындзмæ фæзылд æмæ йæм дзуры:

– Уыцы хъæрмхуыпп-иу ма акалут, иу къуырийы фæстæ та мæ ардæм хъæуы...

***

**Бекызæ Макъары кауыл расыгæй бафæлдæхт. Уæд Макъар йæ бинойнагмæ дзуры:**

**– Æвæдза, арахъхъæй гæбæрдæр холлаг нæй: Бекызæйы хуызæн мæгуырæн ма бахатыр кæн, фæлæ ма йæ мæ кауыл æрбафæлдах?!**

***

Макъар йæ бинойнагимæ сæ дуармæ лæууынц.

Сыхæгты ус сæм æрбацыд æмæ райдыдта загъд кæнын:

– Уæ уырытæ иууылдæр махмæ æрбацыдысты æмæ ницыуал ныууагътой хорæй, цъиуæй.

Макъар йæ бинойнагмæ бакаст æмæ афтæ:

– Цал хатты дын загътон, уыцы уырыты æддæмæ ма уадз, – æмæ йæ мидбылты бахудт.

***

**– Æртæсæдæ граммы ма мын дæ къафеттытæй сбар, – загъта дуканигæсæн Макъар.**

**Дуканигæс нымайæн къæбæлтæ раппар-баппар систа, йæхинымæр стыхтис, фæлæ цасы аргъ сты æртæсæдæ граммы, уый банымайын йæ бон нæ бацис. Уæд ын Макъар афтæ:**

**– Иу килæ мын сæ скæн, кæд дын уый нымайын бакомид...**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



**Спортивон фидиуæг**



**Хъæбысхæст**

# Сбæрæг уыдзысты Европæйы чемпионтæ

**Албанийы сæйраг горæт Тиранæйы хъæбысхæсты æртæ хуызæй цæуынц Европæйы чемпионаты ерыстæ. Фыццаг сбæрæг сты грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй фæуæлахизуæвджытæ.**

уызмæ рацыдысты Танделаты Аминæ (62 кг) æмæ Кæсæбиты Алинæ (65 кг). Сæ дыууæ дæр фæуæлахиз сты, æрдæгкæронбæттæнтæм æмæ рацыд кæронбæттæнмæ.

Кæронбæттæны Танделаты Аминæйы ныхмæлæууæг уыд Европæйы 4 хатты





Уæрæсейы богæлттæ рамбылдтой æппæты фылдæр хæрзиуæджытæ. Европæйы чемпионтæ уæрæсейæгтæй систы: Эмин Сефершаев – 55 кг онг уæзы, 63 кг онг уæзы та 1-аг бынат бацахста Сергей Емелин. Уый Европæйы чемпион ссис æртыккаг хатт. 2-аг æмæ 3-аг бынæттæ ма бацахстой Адлет Тюлюбаев – 82 кг онг уæзы, Артур Саргсян та 3-аг ссис 97 кг онг уæзы.

Грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй сыгъзæрин майдан рамбулын бантыст ирон богал, тренер Цæмæхъаты Нарты хъомылгæнинаг Тыбылты Георгийæн.

Георги чемпионаты архайдта Сербийы номæй æмæ, амæй размæ цы дыууæ Европæйы чемпионатты хæцыд, уыдоны рамбылдта 3-аг æмæ 2-аг бынæттæ. Ныр, Албанийы хæцгæйæ, схызт 1-аг бынатмæ æмæ дарддæр тырндзæн дунеон чемпионаты дæр 1-аг бынат рамбулынмæ. Нæ зæрдæ йын зæгъы, йæ ахæм бæллиц куыд бафта йæ къухы!

Грекъаг-ромаг хъæбысхæсты фæстæ Тиранæйы бæрæггонд цыдысты сылгоймæгты ерысты фæуæлахизуæвджытæ. Уæрæсейы номæй хæцæг чызг-богæлтты ’хсæн гамæ рацæуыны размæ сын цы фембæлдтытæ уыд, уыдоны, æмæ ерысты 1/2-æм хайы дæр сæ размæцыд нæ фæкъуылымпы.

Танделаты Аминæ æрдæгкæронбæттæны фембæлд гермайнаг чызг-богал Наеми Лейстыримæ. Аминæ ацы фембæлды дæр уыди æнæкъуыхцы æмæ фæуæлахиз 9:0 хыгъдæй. 65 кг онг уæзы Кæсæбиты Аминæйы ныхмæлæууæг уыд азербайджайнаг чызг-богал Биргуль Солтанова. Уый тыхджын ныхкъуырд ратта Аминæйæн, фæлæ уæддæр сæ цымыдисаг фембæлды фæуæлахиз Кæсæбион 11:10 хыгъдæй чемпионкæ Грейс Буллен (Норвеги).

65 кг онг уæзы Кæсæбиты Алинæ та кæронбæттæны фембæлд Европæйы 3 хатты чемпионкæ, Олимпиаг хъæзтыты 2-аг бынат бацахсæг Ирина Коляденкоимæ (Украинæ).

Ацы фембæлдтыты уæлахиздзаутæ сбæрæг сты знон, 24 апрелы, изæрæй.

Знон ма райдыдтой уæгъдибар хъæбысхæстæй чемпионаты фембæлдтытæ. Æппæт чемпионтæ сбæрæг уыдзысты 26 апрелы.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## *Дзырдбыд*



**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Вæзн. 4. Буары хай. 6. Кæсаджы айкдзæг. 8. Æфсæн бæндæн. 9. Къахы хай. 11. Афтид, æвдæлон. 14. Æрдæгхауд æнгуылдз. 16. Æхсæзрæнхъон хъæбæрхор. 17. Тыртына. 20. Рæстæг, заман. 22. Уазал... стонгæй бирæгъ дæр тæрсы (Къоста). 24. Хъыгдард æфсæйнаг. 26. Ахаст, фæтк, æгъдау. 28. Лымæндзинад, хорздзинад. 29. Æфхæрæн бынат. 31. Зулкъ, къуыдыргалм. 33. Мит къубаргонд. 35. Диссаг, æмбисонд. 36. Цæл. 38. Хор. 39. Сатæг рог дымгæ. 40. Дурзæй.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Денджызтæ иумæ. 2. Хæст. 3. Бахчайы культур. 5. Рог къæвда. 7. Литературон уацмысы хуыз. 9. Къахыргонд. 10. Къухы хай. 12. Цæугæдон Францы. 13. Уæлæнгай, цъус, иу чысыл. 15. Мæрдты бон. 16. Сæрыхъуынты хуыз. 18. Æлхынцъ, цасм. 19. Къуыбылой. 21. Буары хай. 23. Афтид бынат бæласы зæнджы. 24. Зæл, мыр. 25. Физонæг фысы хуылфыдзауматтæй. 26. Адæймаг. 27. Хъæу Уæллагкомы. 30. Хъуымацы тыхтон. 32. Цæугæдон Африкæйы. 34. Гæнæн, фадат. 35. Хæдзары дзаума. 37. Хъæууонхæдзарадон культур.

### Дзуаппытæ 18 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ**: 2. Уацхъуыд. 9. Фæрæт. 10. Æнгуыр. 12. Хорзæх. 13. Гæнах. 14. Ных. 17. Галхæфс. 19. Сигæц. 20. Идæдз. 22. Æгæс. 24. Рæстæмбæлæг. 26. Зæнг. 30. Уацæг. 31. Хъæлхъæлаг. 33. Гамхуд. 36. Хъаруджын. 37. Абхази. 39. Хомамæст. 40. Стъæлха. 42. Депутат. 45. Хæдз. 47. Æдзæллаг. 48. Тынуафæн. 51. Хæзна. 52. Къæпы. 53. Сыкъадзæф. 54. Сæрибарад.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Зæрæмæг. 3. Хих. 4. Уырз. 5. Дзæнгæрæг. 6. Æндах. 7. Гуыффæ. 8. Уран. 9. Фæрссаг. 11. Æхсинæг. 15. Халагъуд. 16. Цæстфæлдахæг. 18. Лымæн. 21. Гæмæх. 23. Сурæт. 25. Мигъ. 27. Уагæвæрд. 28. Басылтæ. 29. Хамбохъ. 32. Æрду. 34. Уазæг. 35. Индостан. 36. Хъазт. 38. Уæздан. 41. Спутник. 43. Сæн. 44. Хæдзар. 45. Хивæнд. 46. Далыс. 49. Уырд. 50. Фугæ. 51. Хæс.

## *АРФÆ*

## *Хæбæлаты Апаллон æмæ Симæйæн*



*Абон у уæ иумæйаг царды 50 азы юбилей, æмæ уын Доййаты бинонтæ зæрдиаг арфæтæ кæнынц.*

*Сымах кæрæдзийæн Хуыцауы лæвар стут, æмæ уæ цард дæр уымæн афтæ уарзонæй æрвитут!*

*Нæ зæрдæ уын зæгъы, уæ 100 азы юбилейы дæр ма уæнгрогæй куыд акафат!*

*26 апрелы 50 азы размæ дыууæ æрыгон адæймаджы баиу кодтой сæ цард – Хæбæлаты Апаллон æмæ Доййаты Симæ. Рацыд сын хорз цот – цыппар лæппуйы æмæ иу чызг.*



*Апаллон æмæ Симæ сæхицæй амонджындæр никæй хуыдтой. Кафгæ, заргæйæ арвыстой сæ цард. Сывæллæттæ бахъомыл сты, лæппутæй алчидæр йæ царды раст фæндагыл ацыд. Фæлæ, æвиппайды, дыууæ æмæ ссæдз азы размæ арвæй дур æрхаудта æмæ сæмбæлд Хæбæлаты хæдзарыл. Сæ иунæг буц чызг фæндаггон фыдбылызы фæмард. Уыцы уæззау хабар тынг зынтæй ныффæрæзтой бинонтæ. Симæмæ уыцы бонты сæкæрниз фæзынд, æмæ абон дæр ма, низимæ тохгæнгæйæ, йæ цард æрвиты. Бон цæуы æмæ фарн хæссы, рæстæг цæуы. Лæппутæй алчидæр хъуыддаг бакодта. Хорз чызджытæ æрбакъахдзæф кодтой Хæбæлаты къæсæрыл.*

*Апаллон æмæ Симæ сæхи хонынц амондджын, уымæн æмæ сын ис хорз кæстæртæ, стæй уыдоны цот! Фарн æмæ амонд уæнт уæ хæдзары!*

*Уæ кæстæрты рæсугъддзинæдтæм кæсут бирæ-бирæ азты!*

*Доййатæ*

**Аивад**

# Робер Томайы пьесæйы премьерæ Ирон театры

**«О, ацы сылгоймæгтæ» – дунеон театралон классикæйы спектакль национ сценæйыл сæвæрдта Уæрæсейы сгуыхт артист, режиссер Сæбанты Тамерлан.**

**Хъæлдзæг детективон комедийæн ис зæрдæскъæфæн мидис, йæ хъайтарты эксцентрикон, рагагъоммæ рахатæн кæмæн нæй, уыцы ирд сценикон сурæттæ сæ цымыдисдзинадæй не суæгъд кæнынц спектаклы райдайæнæй, суанг йæ фæуынмæ. Классикон спектаклæн аргъ скæндзысты, театрæн уарзон æмæ æгæрон аргъ кæмæн кæнынц, уыцы театрдзаутæ.**

**Премьерæ ацæудзæн 29 æмæ 30 апрелы. Йæ райдайæн 18 сахатыл.**



**Номарæн**

# Тотыр

Иу зæххыл цæргæйæ нæ алчидæр йæ фæстæ ныууадзы фæд, чи – йе сконд хъуыддæгтæй, чи – йæ уды фæзилæнтæй, чи та – адæмимæ ахастытæй. Нартыхты Тотыр дæр фæцард не ’хсæн, стæй ахицæн йæ цардæй. Йæ фæстæ йæ хиуæтты, йæ хæстæджыты, зонгæты зæрдæты ныууагъта рæсугъд æмæ ахадгæ фæд.

Мæнæн мæ туг, ме стæг уыд, æз æй зæрдæйæ уарзтон, рæвдыдта мæ, сывæллон ахæм ахастмæ къæрцхъус вæййы. Ацы дунемæ Нартыхты Тотыр фæзынд 1954 азы 25 апрелы йæ фыд Митуш æмæ мад Феодосияйы бинонты. Йæ хистæр æфсымæр – Гаврил æмæ кæстæр – Таймураз. Иумæ цардысты Хуссар Ирыстоны Сагильзасы хъæуы. Фæстæдæр ралыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ, Сунжæйы хъæумæ.

Скъола каст фæуыны фæстæ Тотырмæ фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм, дыууæ азы танкты æфсады Германы фæслужбæ кодта. Æрыгонæй бæрæг дардта хъаруйæ, быхсондзинадæй, алы хъуыддагмæ дæр уыд рæвдз. Иу хатт хъæды йæ размæ фæцис саг. Тотыр фæцырд æмæ йæ баййæфта, йæ фæстаг къахæй йæ ацахста. Хъаруджын кæй уыд, уый йын хорз фæахъаз æфсады.

Фæстæдæр бинонтæ цæрынмæ ралыгъдысты Дзæуджыхъæумæ, йæ мад æмæ йе ’фсымæримæ цардысты



Тогъойы-фырты уынджы. Сыхæгтæ сæ уайтагъддæр базыдтой, ныр дæр ма сæ æрымысынц хорзæй. Уайтагъд сын сæ зæрдæтæ балхæдтой се ’цæг ахастæй, уæздандзинадæй, хæлардзинадæй. Хъæуккаг лæппу кæддæриддæр кусаг вæййы, афтæ Тотыр дæр. Йæ царды фылдæр хай бакуыста газет «Рæстдзинад»-ы шофырæй, ласта сæйраг редакторы.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ йæ машинæйыл къæм абадын дæр нæ уагъта, зылд æм, кæддæриддæр цæттæ уыд фæндагмæ рахизынмæ. «Рæстдзинад»-ы кусджытæ нымадтой Тотыры, аргъ ын кодтой. Бæрæг дардта фæллоймæ уарзондзинадæй, бæрнондзинадæй, уды сконды хæрзтæй. Иу афон йе ’нæниздзинад фæцудыдта, куыстæй ацæуын сфæнд кодта, фæлæ газеты коллективы уый нæ фæндыд.

Æнæнхъæлæджы базонгæ йе ’рвад Наниты Владимиримæ. Сæ рæстæг арæх иумæ ’рвыстой. Владимир куыд зæгъы, афтæмæй Тотыр уарзта адæмы, йæ бон семæ цæрын уыд. Кæд æмæ хи бинонтæ не скодта, уæддæр æнкъардта хиуæтты узæлд, цæстæнгас. Уæдæ йæхæдæг хиуæттыл куыд мæт кодта. Сæ зынтæ сын йæ зæрдæмæ куыд иста, уый диссаг уыд...

Йæ хистæр æфсымæры бинойнаг Галинæ куыд зæгъы, афтæмæй Тотырæй æвзæр ныхас дæр никуы фехъуыста, кæддæриддæр цæттæ уыд баххуыс кæнынмæ. Мæхæдæг дæр мæ зæрдыл дарын Тотыры фæлмæн, узæлгæ ахаст, æцæг адæймаг цавæр хъуамæ уа, уый базыдтон Тотыры фæрцы, уый фæзмгæйæ. Ныры онг дæр ын æнкъарын йæ зæрдæбын ахаст, мæ зæрдæйы йын ис хицæн бынат.

Чидæриддæр Нартыхты Тотыры зыдта, уыдонæй рох нæ уыдзæн. Рухсаг у.

**НАРТЫХТЫ Гермæн, хиуæтты номæй**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 434. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**